Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 9 (7458)
25 февраль
2021 сон
Хамиз
sadovoduns@yandex.ru
Багъа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## Цадахъ рекъон хIалтIани, хIасилал лъикIал кьола



Дагъаб цебеГIан «Унсоколо район» МОялъул администрациялда, районалъул бет1ер ГI. НурмухIамадовасул нухмалъиялда гъоркь тIобитIана лъабго хIалтIулаб группа цолъизабураб гIатIидаб совещание. Данделъиялда гIахьаллъана ведомствабазда гъоркьосеб, районалъул территориялда ругел коммерческиял объектазул, неформалияб гуреб занятосталъул, транспорталдаса налог бакIариялъул хIалтIулал группаби.

Гьениб аслияб суал букIана районалъул территориялда транспорталъул налог. Гьединго гъоркьоб лъуна ракьазул актуализация гьаби, буголъиялъул налог бакIари, гьелда хурхун ругел налъаби лъугIизари ва гьелъие нухал рати.

Данделъи рагьулаго районалъул бетIер хъатIана районалда ругел АЗСалъул суалалдаги. «Нилъер ракьалда ругел киналго АЗСазда гьаризе ккола халгьариял. Хал гьаризе ккола ругищ гьезул лицензиял, ругищ регистрациял, чан чи гьезул хIалтIулел ругел, кьолел ругищ гьез налогал?- Нижеца гьеб суал дандбана республикаялъул бетIер С. Меликовасдагун. ЦIикIкIараб кIвар кьезе буго заправкабазул хал гьариялде, гьезул хIалтIи законалде данде кколел ругищали»,- ян абуна ГI. НурмухIамадовас.

Районалда бугеб Россиялъул № I0 МРИ ФНСалъул нухмалъулесул зам. Раджаб ГIусмановас бихьизабухъе закон хвезабулел ратаразда тIад лъезе руго цIикIкIарал штрафал, гьеб ишалъулъ гIахьаллъизе руго закон цIуниялъул киналго органал.

Транспорталъул налогал ракIариялъул суалалда хурхун бихьизабуна, гьаб соналъул кIиго моцIалда жаниб бакIаранин 66I азарго гъурущ гIарац. Районалъул бетIерас бихьизабуна гьеб лъикIаб хIасил кколин, гьеб кколин цадахъ рекъон администрациялъги Унсоколо районалда бугеб ОМВДялъги гьабураб хIалтIул хIасилан.

ГI. НурмухIамадовас тIадчIей гьабуна гIадамазда бичIчIизабизе кколин налогал гьадинго ракIарулел ругел гуреллъи. БакIарараб налогаздасан гьарула нухал, гIуцIула халкъалъе гIумро гьабиялъе санагIалъаби.

Районалъул ОМВДялъул начальникас бицана транспорталъул налогал ракIариялъул. «Жидеда тIад дагьаб гурони налъи гьечIез налогал кьола жиндир заманалда, амма руго жидеда хадуб 50-I00 азарго гъурущ бугелги, гьел гIодоре риччан чIунги рукIуна. Дица рикIкIуна гьединал тIатинариялъе гьаризе ккола хIасил кьолеб хIалтIи. БакIаризе ккола гьезда хурхун информация, лъазабизе ккола гьезул щиб буголъи бугебали, щиб ишалда гьел ругелали, щай налогал кьоларелали. Гьез киназго заманалда налогал кьуна гьеб букIинаан нилъер районалда лъикIаб хIасиллъун»,-ян абуна Эльдар МухIамадовас.

Р. ГIусмановасул рагIабазда рекъон Унсоколо район кколеб буго налогал ракIариялъул рахъалъ лъикIазул кьеразулъ. «Нижеца хъулухъ гьабула 8 районалъе ва «БежтIа участкаялъе». Гьезда гьоркьоб нилъер район буго тIоцебесеб бакIалда. Налогал ракIари нилъер гьаниб бахуна 80 проценталде. Нижер буго аналитикияб отдел. Гьелдалъун лъазе кIола бугищ чиясул регистрация, лицензиял ва гIемераб цогидабги. Гьеб базаялда рекъон бигьаго кIола налъулал лъазе ва гьезулгун хIалтIи гьабизе».

ЛъикIал хIасилал ккана 2020 соналда налогал ракIариялъул,-ян абуна бетIерасул зам. Хъ-М. ГIабдулхаликъовас. Гьес тIадчIей гьабуна хIасилал чанго нухалъ цIикIкIиналда. ХIалтIи гьедин бачунеб бугони хIасилал жеги лъикI кколилан абуна гьес.

ХъатIана цогидал суалаздаги. Киналго захIмалъабазда хурхун кьуна тIадкъаялги рихьизариялги. Бицана гьабго составгун щибаб моцIалъ данделъизе ккеялъулги.

## Депутатазул заседание

25 февралалда райадминистрациялда тIобитIана муниципалитеталъул депутатазул собраниялъул иргадулаб заседание. Гьенир гIахьаллъана районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов ва I8 депутат. Заседание рагьана депутатазул собраниялъул пред. Ю. МухIамадовас. Гьес рехсана гьоркьор лъезе ругел 3 суал:

I. Россиялъул Унсоколо районалда бугеб ОМВДялъул начальник Э. МухIамадовасул хIисаб кьей;

2. «Унсоколо район» МОялъул 202I ва хадусел 2022-23 сонази ругел плановияб бюджет;

3. «Унсоколо район» МОялъул уставалда тIадежураял ва хиси-басиял гьари.

ТIоцеве кIалъазе вахъана Э. МухIамадов. Гьес хIисаб кьуна ритIухълъи цIуниялъул органазул гьабураб хIалтIул. Гьесул рагIабазда рекъон районалда гьарурал такъсирал рагьун руго 95,5 проценталъ. Республикаялда такъсирал рагьи буго 82 процент. Рагьарал такъсиразул къадар гьес данде ккуна араб отчеталда рукIаразда. ХъатIана нухазда хIинкъи гьечIолъи цIуниялъул, наркоманиялъул, бандитизмалъул, лъималазул такъсиралда, административияб гIадлу-низам хвезабиялъул суалаздаги.

Э. МухIамадовас кIвар кьуна районалъул территориялда бугеб I50 коммерческиял гIуцIабазул I08 хIалтIулеб бугин регистрация гьечIого, гьелда хурхун цIикIкIараб хIалтIи гьабизе бугин бихьизабуна гьес. КIвар кьезе бугин абуна гьес хадубги гIолеб гIелалда гьоркьоб гьабулеб хIалтIудеги. Мисал бачана Шамильхъала поселокалдаса I2 сон барав васасул. Гьев цIалулев вукIинчIо, гьетIун вукIана кIарчанлъиялде, амма жиндир заманалда гьабураб хIалтIул хIасилалда гьев рукIалиде вачIана.

КIиабилеб, бюджеталда хурхараб суалалда тIасан кIалъана финасазул отделалъул нач. Ж. Шамсудинов. Гьес бицана бюджеталда гьарурал хиса-басиязул, налогазул ва налогал гурел доходазул, республикаялдасан дотациязул ва гIемераб цогидабги. Депутатаз киналго разилъун бюджет къабул гьабуна.

ЛъабабилеБ суалалдасан кIалъазе яхъана администрациялъул юрист У. Бартыханова. Гьелъ баян гьабуна уставалда хиса-баси гьари халат бахъанин № I3I ФЗялда хиса-басиял гьариялъ,- абун.

Заседаниялда рорхана гIемерал батIи-батIиял суалалги. Гьениб цере чIарал масъалабазда хурхун депутатаз кьуна гIемерал суалал. КIалъазе вахъарав районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас депутатазул кIвар буссинабуна школаздагун ясли-ахазда лъималазе качественнияб квен ва хинлъи букIинабизе ккеялде. Гьес баркала кьуна гьабураб хIалтIухъ врачазеги, бицана вакцинациялъул, гьелъул кIвара лъул.

Рорхарал суалазда хурхун кьуна тIадкъаял, гьел тIураялъе бихьизабуна заманги.

## Вакилзабаз хал гьабуна



Дагъал церегIан къоязда районалъул администрациялъул вакилзаби щвана Унсоколо росулъ балеб ясли-ахалъул бугеб хIалалъул хал гьабизе.

ХIалтIулаб сапаргун гьениве вачIун вукIана районалъул бетIерасул зам. ГI-М. МухIамадов, лъай кьеялъул отделалъул нухмалъулев Къ-М. ХIасанов ва хIисаб-суалалъул палатаялъул председатель ГI. Насрудиновги.

Объект баялъул хIалтIи унеб буго графикалда рекъон. Гьеб бан рагIалде бахъинабизе ва хIалтIизабизе кьезе тIаде босун буго гьаб соналъул июнь моцIалда. Гьабсаг1аталда унел ругел куцалъ х1алт1аби унел ругони, ясли-ах заманалда х1алт1изабизе кьезе буго.

## Рахьдал мацI – халкъалъул бечелъи

Гьал къоязда, ай 2I февралалда тIолабго дунялалдаго кIодо гьабуна рахьдал мацIалъул Къо. ХIисаб тун кIудияб буго нилъер гьаниб, Дагъистаналда гьеб къоялъул кIвар. Республикаялда гIасрабаз гьудулъиялда, цолъиялда, цоцада ричIчIиялда гIумро гьабулеб буго 60 ялдасаги цIикIкIун халкъаз, буго гьезул жидерго мацI, культура, гIадатал.

Гьеб къо кIодо гьабиялъул аслияб мурад ккола мацIазул, культураялъул, нилъерго хаслъи кIодо гьаби, гьел хадусел гIелазе цIуни. КигIан кIудияб пашманлъилъунха кколеб, ахираб заманалда рахьдал мацIал нилъеда гьоркьоса тIагIунел рукIин, хIатта гьел, тIагIун унел мацIал хIисабалда, халкъазда гьоркьосеб БагIараб тIехьалде росулел рукIингицин. Гьедин лъугIулел мацIал хIисабалда гьеб тIехьалде росун руго кинабниги 6900 мацI. КигIан бокьичIониги гьезда гьорлъ руго нилъер республикаялъул киналгоялде гIагарун мацIалги.

Щибжоха кколеб гIадамасе рахьдал мацI? Гьеб ккола нилъерги нилъер умумаздаги гьоркьоб бугеб бухьен, нилъерго хаслъи. Рахьдал мацIалъ кIалъай - гьеб ккола кIудияб бечелъи, амма жакъасеб къоялъул захIмалъилъун кколеб буго хъизамазда лъимал рахьдал мацIалъ кIалъангутIи.

(Ахир 4 гьумералда)

# РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН, УНЦУКУЛЬСКИЙ РАЙОН,

## Собрание депутатов муниципального района

368950 Республика Дагестан Унцукульский район пгт Шамилькала тел 55-62-87

# РЕШЕНИЕ
# О внесении изменений в решение «О бюджете МО «Унцукульский район» Республики Дагестан на 2020 год и плановый период 2021-2022 гг.» от 27 февраля 2020 года №41

Принято Собранием депутатов
муниципального района от «30» декабря 2020 г. №_61_

В соответствии с Законом Республики Дагестан «О республиканском бюджете Республики Дагестан на 2020 год и плановый период 2021-2022 гг.», принятый Народным Собранием Республики Дагестан от 25 декабря 2019 года №118, с изменениями внесенными в указанный Закон Республики Дагестан, уведомлений Министерств Республики Дагестан, Положением о бюджетном процессе в МО «Унцукульский район», рассмотрев и обсудив представленный проект бюджета МО «Унцукульский район» на 2020 год Собрание депутатов муниципального района РЕШАЕТ:

Внести изменения и изложить в следующей редакции:

**Статья 1 Основные характеристики районного бюджета МО «Унцукульский район» на 2020 г.**

1 Утвердить основные характеристики районного бюджета МО «Унцукульский район» на 2020 г.:

1.1 прогнозируемый общий объем доходов районного бюджета МО «Унцукульский район» на 2020 год в сумме 871633,648 тыс. руб., в том числе общий объем межбюджетных трансфертов, получаемых из республиканского и федерального бюджета в сумме 778736,731 тыс. рублей, в том числе: субвенция из регионального фонда компенсаций на исполнение полномочий по расчету и распределению дотации поселениям, входящим в состав муниципального района – 54338,0 тыс. руб.; внебюджетных средств от денежных пожертвований 2668,817 тыс. рублей; налоговых и неналоговых доходов в сумме 90228,1 тыс. рублей. 1.2 общий объем расходов районного бюджета МО «Унцукульский район» на 2020 год в сумме 887846,978 тыс. руб., погашение муниципального долга в сумме 618,0 тыс. рублей;

1.3. верхний предел муниципального долга МО «Унцукульский район» на 01 января 2020 года в сумме 24700,0 тыс. рублей, на 01 января 2021 года в сумме 24082,0 тыс. рублей, в том числе муниципальные гарантии МО «Унцукульский район» 0 рублей;

1.4. предельный объем расходов на обслуживание муниципального долга на 2020 год – 26,7 тыс. рублей;

1.5. дефицит районного бюджета МО «Унцукульский район» - 16831,330 тыс. рублей.

2 Утвердить основные характеристики районного бюджета МО «Унцукульский район» на 2021 г.:

2.3. верхний предел муниципального долга МО «Унцукульский район» на 01 января 2022 года в сумме 23464,0 тыс. руб., в том числе муниципальные гарантии МО «Унцукульский район» 0 рублей;

2.4. предельный объем расходов на обслуживание муниципального долга на 2021 год – 24,0 тыс. рублей.

3 Утвердить основные характеристики районного бюджета МО «Унцукульский район» на 2022 г.:

3.3. верхний предел муниципального долга МО «Унцукульский район» на 01 января 2023 года в сумме 22229,0 тыс. руб., в том числе муниципальные гарантии МО «Унцукульский район» 0 рублей;

3.4. предельный объем расходов на обслуживание муниципального долга на 2022 год – 23,0 тыс. рублей.

4 Утвердить источники внутреннего финансирования дефицита районного бюджета МО «Унцукульский район» на 2020 год согласно приложению №13 к настоящему решению.

**Статья 4 Бюджетные ассигнования из районного бюджета МО «Унцукульский район» на 2020 год.**

1 Утвердить общий объем бюджетных ассигнований на исполнение публичных нормативных обязательств на 2020 год – 6245,4 тыс.рублей.

2 Утвердить распределение бюджетных ассигнований по получателям, разделам, подразделам, целевым статьям и видам расходов, на 2020 год согласно приложению №7 к настоящему Решению.

3 Утвердить в пределах общего объема расходов, установленного статьей

1 настоящего Решения, распределение бюджетных ассигнований по разделам и подразделам, целевым статьям и видам расходов классификации расходов бюджета на 2020 г. согласно приложению № 9 к настоящему Решению.

4 Утвердить распределение бюджетных ассигнований по получателям на 2020 год согласно приложению №25 и 26 к настоящему Решению.

Утвердить изменения, произведенные в бюджете согласно приложениям №1,3,5,7,9,13,22,25,26 к настоящему решению, в том числе:

а) Средства налоговых и неналоговых доходов в связи с последствиямираспространения COVID-19 произвести уменьшение плана в общей сумме 3240,5 тысяч рублей, в том числе:

- налог на доходы физических лиц в сумме 1528,5 тыс. рублей;
- доходы от уплаты акцизов на диз.топливо в сумме 1200,0 тыс. рублей;
- единый налог на вмененный доход в сумме 362,0 тыс. рублей;
- прочие доходы от оказания платных услуг (родительская плата в ДОУ) в сумме 150,0 тыс. рублей;

б) Средства межбюджетных трансфертов из федерального и республиканского бюджетов, поступившие дополнительно к утвержденному бюджету в общей сумме 38056,0 тысяч рублей, в том числе:

- Средства иных дотаций в сумме 336,0 тысяч рублей в соответствии с целевой направленностью направить на содержание прочего персонала муниципальных казенных общеобразовательных учреждений района в соответствии с штатными единицами указанных категорий работников.
- Средства субсидии в сумме 79,734 тысяч рублей в соответствии с целевой направленностью направить в МКОУ «Шамилькалинская СОШ» софинансирование расходных обязательств на обеспечение разовым питанием детей с ограниченными возможностями здоровья, в т.ч. детей-инвалидов на дому.
- Средства субсидии в сумме 58,783 тысяч рублей в соответствии с целевой направленностью направить в Администрацию МО "Унцукульский район" на софинансирование расходных обязательств по профессиональную переподготовку и повышению квалификацию муниципальных служащих.
- Средства субсидии в сумме 152,744 тысяч рублей в соответствии с целевой направленностью направить в МКОУ Цатанихская СОШ на горячее питание 1-4 классов.
- Средства субвенции в сумме 172,0 тыс. рублей, в соответствии с целевой направленностью, направить в бюджеты сельских поселений на выполнение переданных полномочий на материально-техническое обеспечение по воинскому учету, где отсутствуют военные комиссариаты, в том числе:

- МО «село Ашильта» в сумме 13,0 тыс. рублей;
- МО «село Гимры» в сумме 33,0 тыс. рублей;
- МО «село Ирганай» в сумме 17,0 тыс. рублей;
- МО «село Харачи» в сумме 1,0 тыс. рублей;
- МО «село Цатаних» в сумме 3,0 тыс. рублей;
- МО «сельсовет Араканский» в сумме 16,0 тыс. рублей;
- МО «сельсовет Балаханский» в сумме 17,0 тыс. рублей;
- МО «сельсовет Иштибуринский» в сумме 2,0 тыс. рублей;
- МО «сельсовет Кахабросинский» в сумме 6,0 тыс. рублей;
- МО «сельсовет Майданский» в сумме 18,0 тыс. рублей;
- МО «сельсовет Унцукульский» в сумме 46,0 тыс. рублей;

- Средства субвенции в сумме 709,590 тыс. рублей, в соответствии с целевой направленностью, направить на ежемесячное денежное вознаграждение за классное руководство педагогическим работникам общеобразовательных учреждений на оплату труда за классное руководство и начисления на оплату труда за классное руководство с учетом увеличения класс-комплектов и климатических условий (высокогорность и безводность) следующим общеобразовательным учреждениям района:

- МКОУ УСОШ № 1 в сумме 19,946 тыс.рублей;
- МКОУ УСОШ № 2 в сумме 24,634 тыс. рублей;
- МКОУ Зиранинская СОШ в сумме 48,434 тыс.рублей;
- МКОУ Гимринская СОШ в сумме 54,033 тыс.рублей;
- МКОУ Ирганайская СОШ в сумме 23,514 тыс. рублей;
- МКОУ Кахабросинская СОШ в сумме 115,175 тыс. рублей;
- МКОУ Гимринская пос. СОШ в сумме 41,716 тыс.рублей;
- МКОУ Цатанихская СОШ в сумме 55,283 тыс.рублей;
- МКОУ Ашильтинская СОШ в сумме 69,996 тыс. рублей;
- МКОУ Араканская СОШ в сумме 14,556 тыс. рублей;
- МКОУ Балаханская СОШ в сумме 49,554 тыс. рублей;
- МКОУ Шамилькалинская СОШ в сумме 184,285 тыс.рублей;
- МКОУ Харачинская ООШ в сумме -17,082 тыс.рублей;
- МКОУ Иштибуринская ООШ в сумме 10,260 тыс.рублей;
- МКОУ Моксохская ООШ в сумме 15,286 тыс. рублей.

- Средства субвенции в сумме 6481,0 тыс. рублей, в соответствии с целевой направленностью, направить на реализацию основных общеобразовательных программ по оплате труда и начисления на оплату труда (госстандарт образования) с учетом увеличения класс-комплектов следующим общеобразовательным учреждениям района:

- МКОУ УСОШ № 1 в сумме 36,250 тыс. рублей;
- МКОУ УСОШ № 2 в сумме 245,880 тыс. рублей;
- МКОУ Зиранинская СОШ в сумме 803,584 тыс. рублей;
- МКОУ Ирганайская СОШ в сумме 1029,629 тыс. рублей;
- МКОУ Кахабросинская СОШ в сумме 911,818 тыс. рублей;
- МКОУ Гимринская пос. СОШ в сумме 157,628 тыс. рублей;
- МКОУ Ашильтинская СОШ в сумме 526,770 тыс. рублей;
- МКОУ Араканская СОШ в сумме 800,330 тыс. рублей;
- МКОУ Балаханская СОШ в сумме 588,809 тыс. рублей;
- МКОУ Шамилькалинская СОШ в сумме 1187,299 тыс. рублей;
- МКОУ Харачинская ООШ в сумме 39,273 тыс. рублей;
- МКОУ Иштибуринская ООШ в сумме 147,298 тыс. рублей;
- МКОУ Моксохская ООШ в сумме 6,432 тыс. рублей.
- МКОУ Моксохская ООШ в сумме 15,286 тыс. рублей.

- Средства субвенции в сумме 192,188 тыс. рублей, в соответствии с целевой направленностью, направить в Администрацию МО «Унцукульский район» на содержание ребенка в семье опекуна и приемной семье, а также на оплату труда приемному родителю.

**(Продолжение на 3 стр.)**

# РЕШЕНИЕ
# О внесении изменений в решение «О бюджете МО «Унцукульский район» Республики Дагестан на 2020 год и плановый период 2021-2022 гг.» от 27 февраля 2020 года №41

- С Резервного фонда Правительства Республики Дагестан средства иных межбюджетных трансфертов в общей сумме 29874,0 тысяч рублей направить на расходы по целевому назначению, в том числе:
- на компенсацию снижения поступления налоговых и неналоговых доходов в связи с последствиями распространения COVID-19 в сумме 3240,5 тыс. рублей направить следующим учреждениям на оплату котельно-печного топлива (уголь):
- МКОУ Зиранинская СОШ в сумме 674,9 тыс. рублей;
- МКОУ Кахабросинская СОШ в сумме 296,650 тыс. рублей;
- МКОУ Балаханская СОШ в сумме 97,750 тыс. рублей;
- МКОУ Цатанихская СОШ в сумме 110,5 тыс. рублей;
- МКОУ Ашильтинская СОШ в сумме 106,250 тыс. рублей;
- МКОУ Араканская СОШ в сумме 259,450 тыс. рублей;
- МКОУ Харачинская ООШ в сумме 119,0 тыс. рублей;
- МКОУ Моксохская ООШ в сумме 59,5 тыс. рублей.
- МКОУ Иштибуринская ООШ в сумме 127,5 тыс. рублей;
- МКДОУ «Детский сад № 1 Ромашка» в сумме 110,5 тыс. рублей;
- МКДОУ «Детский сад № 5 Соколенок» в сумме 284,0 тыс. рублей;
- МКДОУ «Детский сад № 6 Звездочка» в сумме 102,0 тыс. рублей;
- МКДОУ «Детский сад № 10 Снежинка» в сумме 110,5 тыс. рублей;
- МКДОУ «Детский сад № 11 Сосна» в сумме 110,5 тыс. рублей;
- МКДОУ «Детский сад № 12 Чебурашка» в сумме 127,5 тыс. рублей;
- МКДОУ «Детский сад № 13 Колобок» в сумме 544,0 тыс. рублей.
- на оплату труда педагогических работников дошкольного образования в сумме 4377,0 тыс. рублей в целях достижения по итогам 2020 года целевых показателей оплаты труда педагогических работников дошкольных образовательных учреждений по отношению к уточненным значениям средней заработной платы в сфере общего образования к средней зарплате педагогических работников в РД, направить следующим учреждениям:
- МКДОУ «Детский сад № 1 Ромашка» в сумме 561,389 тыс.рублей;
- МКДОУ «Детский сад № 2 Ласточка» в сумме 674,889 тыс. рублей;
- МКДОУ «Детский сад № 3 Фиалка» в сумме 320,226 тыс.рублей;
- МКДОУ «Детский сад № 4 Теремок» в сумме 408,044 тыс. рублей;
- МКДОУ «Детский сад № 5 Соколенок» в сумме 256,138 тыс.рублей;
- МКДОУ «Детский сад № 6 Звездочка» в сумме 92,034 тыс.рублей;
- МКДОУ «Детский сад № 7 Улыбка» в сумме 116,710 тыс.рублей;
- МКДОУ «Детский сад № 8 Солнышко» в сумме 420,766 тыс.рублей;
- МКДОУ «Детский сад № 9 Сказка» в сумме 837,798 тыс.рублей;
- МКДОУ «Детский сад № 10 Снежинка» в сумме 136,364 тыс.руб.;
- МКДОУ «Детский сад № 11 Сосна» в сумме 263,668 тыс.рублей;
- МКДОУ «Детский сад № 12 Чебурашка» в сумме 106,100 тыс.руб.;
- МКДОУ «Детский сад № 13 Колобок» в сумме 182,874 тыс.рублей.
- на оплату труда педагогических работников дополнительного образования детей в общей сумме 2311,0 тыс. рублей на счет Администрации МО «Унцукульский район» на перечисление субсидии муниципальным бюджетным учреждениям дополнительного образования детей в целях достижения по итогам 2020 года целевых показателей оплаты труда педагогических работников дошкольных образовательных учреждений по отношению к уточненным значениям средней заработной платы в сфере общего образования к средней зарплате педагогических работников в РД, направить следующим учреждениям:
- МКУ ДО «ДДТ пос. Шамилькала» в сумме 431,457 тыс.рублей;
- МКУ ДО «ДДТ с. Гимры» в сумме 201,390 тыс. рублей;
- МКУ ДО «ДЮСШ пос. Шамилькала» в сумме 421,164 тыс.рублей;
- МКУ ДО «ДЮСШ с. Унцукуль» в сумме 157,020 тыс.рублей;
- МКУ ДО «ДЮСШ с. Гимры» в сумме 28,5957 тыс. рублей;
- МКУ ДО «ДЮСШ с.Балахани» в сумме 238,158 тыс.рублей;
- МКУ ДО «Школа искусств» в сумме 293,666 тыс.рублей;
- МКУ ДО «СДЮТиЭ» в сумме 282,188 тыс. рублей.
- МКУ ДО «Школа искусств» на оплату труда с начислениями в сумме 293,666 тыс. рублей.
- на погашение задолженности согласно Представлению и акта проверки КРУ Минфина РД в сумме 19945,5 тыс. рублей на погашение задолженности согласно Представлению и акта проверки КРУ Минфина РД направить следующим учреждениям:
- Администрации МО «Унцукульский район» в общей сумме 4920,2 тыс. руб.;
- МКДОУ «Детский сад № 1 Ромашка» в сумме 270,9 тыс. рублей;
- МКДОУ «Детский сад № 6 Звездочка» в сумме 3792,4 тыс. рублей;
- МКДОУ «Детский сад № 7 Улыбка» в сумме 193,1 тыс. рублей;
- МКДОУ «Детский сад № 9 Сказка» в сумме 74,0 тыс. рублей;
- Администрации МО «пгт Шамилькала» в сумме 2879,3 тыс. рублей;
- Администрации МО «сельсовет Майданский» в сумме 3614,3 тыс. рублей;
- Администрации МО «село Ирганай» в сумме 1075,8 тыс. рублей;
- Отдел финансов Админ. МО «Унцукульский район» в сумме 515,7 тыс. руб;
- МБУ ДЮСШ с. Балахани в сумме 1238,1 тыс. рублей
- МБУ Районный центр дополнительного образования детей в с.Унцукуль в сумме 821,4 тыс. рублей;
- На программное обеспечение учреждений района в сумме 550,3 тыс. рублей. в) Уменьшить лимиты бюджетных обязательств по федеральным средствам по смете Администрации МО «Унцукульский район» в общей сумме 557,6 тыс. рублей, в том числе:
-на проведение Всероссийской переписи населения 2020 года в сумме 417,8 тыс. рублей;
-на единовременное пособие при всех формах устройства детей в семью в сумме 139,8 тыс. рублей.

5 Субсидии юридическим лицам, предусмотренные настоящим Решением, предоставляются в порядке, установленным администрацией МО «Унцукульский район».

**Статья 5 Особенности использовании бюджетных ассигнований.**

2 Установить, что с 1 сентября 2020 года бюджетные ассигнования на финансирование расходов по обеспечению учащихся 1-4 классов муниципальных общеразовательных учреждений по норме 61 рублей на одного учащегося в день.

Статья 7 Межбюджетные трансферты бюджету района и бюджетам муниципальных образований (поселений) МО «Унцукульский район».

1 Утвердить распределение межбюджетных трансфертов, получаемых бюджетом МО «Унцукульский район» из республиканского бюджета на 2020 г. согласно приложению №3 к настоящему Решению.

2 Утвердить распределение межбюджетных трансфертов бюджетам муниципальных образований (поселений) МО «Унцукульский район» на 2020 г. согласно приложению № 11 к настоящему Решению.

Статья 11 Вступление в силу настоящего Решения.

Настоящее Решение вступает в силу с момента опубликования.

**И.о. главы**
**МО «Унцукульский район» А. Магомедов**

## Баланс финансовых ресурсов МО «Унцукульский район» на 2020 год

Приложение
к Решению О внесении изменений в Решение Собрания депутатов МО «Унцукульский район» «О бюджете МО «Унцукульский район» на 2020г. и плановый период 2021-22гг.» от 27 февраля 2020 г. №41
от 30 декабря 2020 г. № 61

| № п/п | Доходы бюджета | сумма | | Расходы бюджета | сумма |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Налоговые доходы | 89088.1 | 1 | Расходы бюджета | |
| | - НДФЛ | 67521.5 | | 0100 | 33263.281 |
| | - Акцизы (ГСМ) | 15118,9 | | 0200 | 1880,0 |
| | - УСНО | 5500 | | 0300 | 4262,538 |
| | - ЕНВД | 387 | | 040030327,394 | |
| | - ЕСХН | 143,7 | | 0500 | 27877,308 |
| | - госпошлина | 390 | | 0700 | 661189,031 |
| | - патентная система | 27 | | 0800 | 45427,841 |
| 2 | Неналоговые доходы | 1140 | | 1000 | 12468,588 |
| 3 | Безвозмездные поступления | 778736,731 | | 1100 | 5959,898 |
| | - ФФП района | 169923,00 | | 1200 | 3257,0 |
| | - субсидии | 41514,780 | | 1300 | 26,7 |
| | - субвенция | 537424,951 | | 1400 | 61907,4 |
| | - иные межбюджетные трансферты | 29874,0 | | | |
| | - Поступления от денежных пожертвований (меценатов) | 2668,817 | | на погашение кредита | |
| | **ИТОГО ДОХОДОВ** | **871633,648** | | **ИТОГО РАСХОДОВ** | **887846,979** |
| 4 | **Источники финансирования децицита бюджета** | **16213,330** | | | **0** |
| | Погашение кредитов муниципальных районов от других бюджетов бюджетной системы РФ в валюте РФ | -618,0 | | | |
| | Изменения остатков | 16831,33 | | | 0 |

Спорт

# Бергьенлъабазде ракIчIейгун



**Спорт – гьеб ккола цохIо нилъер районалъул гуребги тIубараб республикаялъулго, Россиялъулго церехун ине рес бугеб ва хIаракат бахъулеб, киназего гIахьалаб ва кIвар цIикIкIараб иш. Гьал къоязда нилъер районалъул «Ахихъан» газеталъул редакциялда гьоболлъухъ вукIана ММА тайпаялъул рахъалъ дунялалъулго чемпион, ММАялъул ва рагъулаб самбоялъул рахъалъ спорталъул мастер, Унсоколо росулъа МухIамадов МухIамад МухIамадхIажиевич. Нижеца гара-чIвари гьабуна гьесул нахъа тараб спортивияб нухалда тIасан, рукIарал къецазул, гьанжеялдаса хадуб рукIине ругел дандчIваязул хIакъалъулъ.**

**-МухIамад, кида дуца байбихьараб профессионалияб спорталде хIадурлъизе?**

- Профессионалияб спорталъе дун хIадурлъизе байбихьана 20I4 соналдаса нахъе. Спорталде, хасго гугариялде дир рокьи бижана лъимерлъуда вугеб мехалдаго. ГьитIинаб мехалда дун хьвадулаан Тайский боксалъул, гугариялъул секциязде, гьенивго ругьунлъана вагъизеги. Хадуб, Великий Новгород шагьаралде гочиндал, гьениб байбихьана профессионалияб, ММА тайпаялъул спорталъе ругьун гьавизе. БакI ккун букIаго абизе ккола, гьенив дир вукIана лъикIав, махщел камилав тренер – Жамалудин Исрапилов.

**- Щай дуца гьеб тайпа спорталъул тIаса бищараб?**

-Щайгурелъул гьеб дие кутакалда данде ккола, дие бокьула ММА, дие бокьула дицаго тIаса бищараб иш, ракIалда буго хадубккунги дунго дидаго тIад хIалтIизе ва цевехун ине.

**-Чан рагъ букIараб дур, дуца нахъа тараб спортивияб нухда?**

- Кинабниги дун гIахьаллъана 200 ялдаса цIикIкIун гIадатиял рагъазулъ. БукIана чанго профессионалияб рагъги. ХIасил – лъабго бергьенлъи ва цо нухалъ къвана. Ахирисеб нухалда ккараб къвараб хIасил дида ракIалда буго лъабго бергьенлъиялдалъун хисизе. Спортивиял къецазулъ гIахьалъизе дица байбихьана цин областалда хадуб Северияб Западалда, гьелдаса хадуб тIубараб Россиялъулго кIваралъул къецазда дун вахъана чемпионлъун. Гьединго вахъана Евроазиялъул чемпионлъун. ВачIун вукIана республикаялъул къецазде, гьанивги дун бергьана.

**-Кинал ругел дур хадурккунисел планал?**

- ГьабсагIаталлда ракIалда буго жеги цIикIкIун, жеги хIаракатада спорталъул гьеб тайпаялда хIадурлъизе, хьул буго гIемерал бергьенлъаби росизе.

**- Щиб абизе бокьилаан дуе гIун бачIунеб гIелалда, хасго гьабсагIаталда щиб тIаса бищилебали лъаларого ругел васазда?**

- Дица тIоцебесеб иргаялда гIакълу кьелаан цIалиялда тIад квар цIикIкIун кье,-ян. Спорт кидаго букIана сундуего кумекалъе батулеблъун, гьелъ кидаго квал-квал гьабуларо цIализе, гьединлъидал, тIоцебесеб иргаялда, лъикI цIале, церетIезаре нужго. Гьелдаго цадахъ кIочон тоге спортги. Нужер кинабго лъугьине буго, нуж мурадалде щвезе руго!

**Асият МУХIАМАДОВА.**

# Спорталъул вакилзабазул дандчIвай



Гьал къоязда Пензенский областалъул Кузнецк шагьаралда букIана Пензенский, Ульяновский областазул, Мордовия ва Дагъистан республикабазул вакилзабазул хасаб дандчIвай.

ДандчIваялъул аслияб мурад букIана цадахъ рекъон цIалулгун тренировкаялъул данделъаби гIуцIи, гьединго спортсменал ТIолгороссиялъул ва халкъазда гьоркьосел спортивиял тадбиразда гIахьаллъизе рес щвей букIинаби.

Дагъистаналъул рахъалдасан гьенир гIахьаллъана нилъер ракьцоял, Шамильхъалаялъул ДЮСШялъул вакилзаби ТI. ШагIбанов ва гьесул зам., тренер ТI. Шамхаловги. ТI. ШагIбанов ккола эркенабгун миллияб гугариялъул рахъалъ СССРалъул спорталъул мастер, физкультураялъулгун спорталъул мустахIикъав хIалтIухъан, Дагъистаналъул миллияв бахIарчи.

Хадубккунги спорт цебетIезабиялъе, районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул цIаралдасан, Кузнецк районалъул спортшкола ахIана цадахъ рекъон хIалтIизе ва рагIи кьуна Пензенский областалъул территориялда тIоритIулел спортивиял тадбиразулъ гIахьаллъизе.

Районалъул Шамильхъала поселокалда буго жакъасеб къоялъе жаваб кьолеб, спортсменал ругьун гьариялъул центр, гьенир хIадурула эркенаб гугариялъул, боксалъул, тIадагьаб атлетикаялъул ва цогидалги тайпабазул тIадегIанаб махщалил спортсменал.

Тадбиралда гIахьаллъана Кузнецк районалъул бетIер Валерий Костин, бетIерасул зам. Светлана Голованцева, гIолилазулгун хIалтIи гьабиялъул рахъалъ бетIерасул зам. Дмитрий Назаровги.

Гьез нилъер ракьцоязе кьуна ракIалде щвеялъул кагътал.

# Конкурс: «Европаялъул гъветI-202I с.»



I февралалдаса 28 февралалде щвезегIан

унеб буго халкъазда гьоркьосеб «Европаялъул гъветI-202I с.» конкурс. Гьелда гIахьаллъулел руго Европаялъул батIи-батIиял пачалихъаздаса I6 гъветI, гьездаго гьоркьор 283-риидалил платан, гьеб гIолеб буго Дербенталда бугеб тарихияб Джума мажгиталда цебе.

Конкурсалда гIахьаллъиялъ ва бергьиналъ туристазул рокьи бижилаан ва кIвар буссинабилаан Дагъистаналъул гьалбал хирияб ракьалде.

Гьарула конкурсалда бергьенлъаби щвей!

## Рахьдал мацI – халкъалъул бечелъи

ГIумроялъул тIоцересел саназдаго лъималазда рагIулеб гьечIо гIагараб мацIалъул калам, гаджетаздасан гьез тIалаб гьабулеб буго гIурус мацI. Цо-цо мехалъ рахьдал мацIалдаса лъикI лъалеб буго гьезда къватIисел пачалихъазул мацIалгицин. ГIадатлъун лъугьунеб буго ясли-ахазда, хадуб школазда гIурус мацIалъ гаргади.

Кинаб букIаниги мацI тIагIин – гьеб ккола цо хасаб гIаламалъул ирс тагIин. Календаралда рахьдал мацIалъул Къо лъазабиялъул аслияб мурад бугин бихьизабулеб буго халкъазда гьоркьосеб ЮНЕСКО организациялъ, киналго пачалихъал гьеб суалалде кIвар кьун балагьи. МацIал цIуниялъул мурадалда гьаризе ккола батIи-батIиял тадбирал; гIуцIизе рахьдал мацIалда лъай кьеялъул система.

Хадубккун нижеца гIолеб гIолеб гIелалда гьоркьоб, рахьдал мацI лъаялъул темаялда гьабизе буго хасаб мониторинг. РакIалда буго гьеб темаялда специалистазулгун гара-чIвари гьабизе, хIал бихьизе буго щай рахьдал мацI тIагIунеб бугеб?,-абураб суалалъе жаваб батизе.


**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района**

**Главный редактор**

**КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**51373**
**Унцукульский район**
**п. Шамилькала**
**ул. М. Дахадаева 3**
**Телефон редактора**
**89896522856**
**sadovoduns@yandex.ru**
**398940**

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 2. 24. 2021 г. 17.30
фактически -18. 00 мин.
........................................

Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.